O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA'M SUW XOJALIG'I MINISTRLIGI TASHKENT MA'MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO'KIS FILIALI "AGRONOMIYA HA"M AXM" FAKULTETI

"MA'DENIYATTANIW" PA'NINEN

# SLAYD JUMISI



**Du'zgen:** **Tleubergenova N**



# A'YYEMGI SHIG'IS (HINDSTAN) MA'DENIYATI.

A'yyemgi Shıg'ıs aymag'ında mil. X-VII mın' jıllıqta insaniyat tsivilizatsiyasıh'a'm ma'deniyatırawajlanıwının' da'slepki da'wiri menen baylanıslıbolg'an en' a'h'miyetli protsessler ju'z beredi. Bul da'wirde shıg'ısta ma'deniyat iskerliginin' tu'rli formalarıh'a'm salalarıpayda bolıp jazıw, a'debiyat, ko'rkem o'ner, birinshi du'nyalıq din buddizm payda boladı.
Bul baslamanın' protsessiz insaniyat ma'deniyatının' keyingi barlıq rawajlanıwın ko'z aldımızg'a keltiriw qıyın.
A'yyemgi shıg'ıs tu'sinigi, shıg'ıs h'aqqındag'ıh'a'zirgi tu'siniklerge sa'ykes emes sebebi a'yyemgi shıg'ıs jer sharının' mısrdan Qıtayg'a shekemgi bolg'an ken' aymag'ın o'z ishine alıp bul jerde mil.ald. VII mın' jıllıqtan baslap insaniyat tariyxında da'slepki tsivilizatsiya payda bola basladı. Ma'deniyattın' qa'liplesiwi en' u'lken da'ryalarNil Dajla h'a'm Frot, Hind h'a'm Gang Xuanxe h'a'm Yan-tszi alabında yag'nıy, diyxanshılıq rawajlanıwıushın qolay imkaniyatlar bolg'an jarlerde ju'z berdi. Tap usıjerlerde da'slepki ma'mleketshilik du'zilisi siyasiy h'a'm diniy sawda orayısıpatında qalalar, jazıw payda boldı. Bul jerde da'slep ruwxıy ma'deniyat islep shıg'ılg'anın miynet iskerliginen bo'linip, g'a'rezsiz iskerlikke aylanadı. Ja'miyetlik turaqlılıqta o'z aldına adamlar qatlamıbasqarıw, ta'lim mag'lıwmatlardıtoplawshıh'a'm jetkeriwshi salalarında shug'ıllang'anlar bo'linedi h'a'm ko'beyip baradı.
Mısr Mesopatamiya, Hind h'a'm Qıtay tsivilizatsiyalarıen' gu'llengen h'a'm iri ma'deniyatlar edi. Bul ma'deniyatlar ta'sirinde Urartu, Finikiya, Xett, Elam tsvilizatsiyalarıqa'liplesip insaniyat ma'deniyatıtarawlarında sezilerli ta'sirge iye boldı.



İ.P. Veynbergtin' belgilep  o'tiwinshe,A'yyemgi Shıg'ıs ma'deniyat «da'slepki izertleniwshi h'a'm tiykarın salıwshısıpatında u'lken missiyanı» bejeredi:jazıwdıislep shıg'ıw h'a'm ma'mleketshilik fundamentin qurıw, o'zinin' etnik ka'siplik, mu'lklik h'a'm sotsial awqalımenen parıqlanıwshıadamlar birge jasawıushın sha'rayat jarattı. Eger basqa ma'deniyatlar a'yyemgi h'a'm ertedegi Shıg'ıs ma'deniyattın' o'zi a'yyemgilik bir ta'rzinde qa'liplesti.
A'yyemgi ortalıq ta'siri ku'shli h'a'm ba'rh'ama boldı. A'yemgi da'wirden miyras bolıp mifologik pikirlesiw usılı, so'z h'a'm isker o'tti. Sonın' menen birge erte Shıg'ıs ma'deniyatı u'lgileri o'z du'nyasın «baslawshısı» «jan'alıqlardı» o'zine ta'n salmaqlısezdi.
Mısr,Mesopotamiya, Hind, Qıtay mifologiyasında tek g'ana «du'nyalıq jaratılıw» (aspan, jer, h'aywanlar, insan) temasıemes, ba'lki bul ra'wiyatlar jaratılıwıtemasında u'lken orın iyeleydi. «Enklar h'a'm du'nya» (Mesopotomiya), ta'n'ri Ptax h'aqqında (Mısr), Qıtaylıq a'psaniwiy h'u'kimdarıh'aqqındag'ımiflerde qudaylardın' h'a'm babalardın' diyxanshılıq h'a'm o'nermentshilik oylap tabıwları, da'slepki qalalardıjaratıwshısı, ma'mleketshilik h'a'm dindi ornatıwshının' nızam h'a'm jazıw do'retiwshileri sıpatında. yag'nıy a'yyemgilikten parıqlanıwshı tsvilizatsiyanın' barlıq jen'isleri jaratıwshısıbolıp su'wretlenedi. Sonday-aqmiflerde bir-birine mas kelmeytug'ın qarama-qarsıh'a'm bul eki du'nyanın' dushpanlıg'ıtemasında su'wretlenedi.
Ertedegi Shıg'ıs xalıqlarıu'rp-a'detleri h'a'm  sheshimleri  h'aqqında mag'lıwmatlar tu'rli dereklerde a'debiyat h'a'm iskustva esteliklerinde saqlanıp qalg'an,bul bizin' oy du'nyamızdı keskin parıq qılıwshıa'lemge baslaydı. Ertedegi Shıg'ıs ma'deniyatıqa'liplesiwinde mifologik pikirlew u'lken rol oynag'an.



Mifologik pikirlew bul predmetlik-sezimlik janlıpikirlesiw jeterli rawajlanbag'an abstrakt tu'siniklerge ta'n bolıp, bunday tu'siniklerdi isletiw h'a'm so'zde olardısu'wretlewler to'menligi h'a'm qıyınlıg'ında (Shumerliler «o'ltiriw» degen so'z ornına «basına tayaq penen urıw» degen.)

A'lemdi mifologik elesletiw onın' ju'da' h'a'm ta'rtipli, qatan' ierarxik qurılısında su'wretlenip, onın' tiykarıh'a'r qıylıoppozitsiyanın' dizimi esaplanadı. A'ne usılar mifologik simvollıq klassifikatsiyalaw da'slepki «fundament» esaplanadı. (Qarama-qarsıtip:: joqarı-to'men, on'-shep, aspan-jer shıg'ıs-batıs, ku'n-tu'n, biz-olar, u'lken-kishi, er-h'ayal, o'mir-o'lim h'.b.)

Sonday aq,on', joqarı, u'lken, jaqın,o'z, jarıq da'stu'rge ta'n h'alda qarama-qarsılıqtın' unamlı tarepin, shep, to'mengi, kishi,uzaq, biygana, qarang'ıbolsa unamsız ta'repin belgileydi.

A'yyemgi Shıg'ıs ma'deniyatında da'stu'rlerge tiykarlanıw u'stem turadı. Babalar da'stu'ri, ta'jiriybesi tolıq h'aqıyqat sıyaqlıbah'alang'an. Tolıq h'aqıyqat h'u'kimranlıg'I menen D.S.Lixachev belgilewinshe «a'deplilik» baylanıslıbolg'an. Ertedegi Shıg'ıs adamının' a'depikramıh'a'reket h'a'm iskerlikte a'diwli da'stu'rlerdi qayta tiklewge qaratılg'an. «İlah'iy ornatılg'an» norma h'a'm qag'ıydalarg'a barıp taqaladı.

Mifologik pikirlewden o'zine ta'no'zgesheigi sonda, a'yyemgi shıg'ıs adamıo'zin h'a'r dayım sotsiumnın' bir bo'limi dep sezgen, sotsium bolsa aspan ku'shine baylanıslılıqta, ta'biyatqa aralasqan h'alad ko'rinedi. Erte Shıg'ıs ma'deniyatıtu'rli qırlarında shaxstıindvidtin' turmıs sha'rayatların belgilewshi tiykarg'ısalalarg'a qarag'anda ekinshi da'rejeli esaplang'an.

Erte shıg'ısta ma'kanlar payda bolıwı, shegaralanıwıo'z aldına orın tutadı. Erte Shıg'ıs mifologiyasında kosmogenez protsessi Xaostın' bo'liniwi sıpatında ko'rinedi. (Mısal ushın, h'indlerde İndra h'aqqında mif, Mesopotamiyada Mardux h'aqqında). Ta'rtipli uyımlasqan ma'kan, biyta'rep ma'kang'a qarama-qarsıqoyıldı. Ta'biyiy tu'rde ta'rtipli, sho'lkemlesken ma'kan bir «jaqsı», «o'z» ma'kannın', onnan tısqarıda «jat», «anıq» biyta'rtip sho'lkemlespegen ma'kanı ko'rkem do'retiwshilik shıg'armalarında basqa xalıqlar o'zine ta'n kiyimi, shashı, turmısıo'te dıqqat penen anıq tap o'zindey su'wretlenedi barlıq qırlarında qaram-qarsıa'lemnin' parqıbelgilep o'tiledi.
O'zinin' ma'kanında unamlıo'zgeshelikke iye bolıwda ma'mleket tiykarg'ırol oynaydı. Sonı belgilep o'tiw kerek, erte shıg'ısta ma'mleket a'piwayısiyasiy h'a'kimiyat sıpatında o'zin tanıstırmadı, ma'mleket din menen uyg'ınlıqta siyasiy-diniy barlıq jıyındısında ka'ramatlılıq o'zgesheligine iye boldı. Tiykarınan ruwxıy iskerlik ma'mleket monopoliyasıesaplanıp. onın' menen ilah'iy yaki pidayılıq ma'rtebesine iye bolg'an aqsu'yekler, ruwxanıylıq h'a'm h'u'kmdarlardın' o'zi ta'repinen a'melge asırılg'an.
Shax jer h'a'm aspan ortasındag'ıbas baylanısshıyaki Neb qudayının' ulıbolg'an, yaki qudaylardın' atınan basqarıwg'a «mandat» alg'an. Bobil shaxıjan'a jıl bayramında bas quday Marduk ibadatxanasına barg'an. İbadatxanag'a kiriwde ruwxanıy shaxlar barlıq na'rselerin alıp qoyıp: (tajı, h'assalı, kiyimlerin), onıkemsitken h'a'm urg'an, sonnan son' ayaq kiyimsiz, a'piwayı jırtıq kiyimde ibadatxanadan shıg'ıwg'a ruxsat bergen. Yag'nıy da'slep shax a'piwayıadamg'a aylanıwı, ibadatxanada bolsa onıMarqus qudayıja'ne keyingi u'sh jıl ushın h'u'kmdar etip saylag'an. Tek g'ana Mısır faraonıonın' atası-Quday Amon-Rag'a,Qıtay imperator bul o'tkeriw h'uqıqına iye bolg'an. Shaxstın' tiykarg'ıwazıypalarıpuxaralarg'a baylanıslıisler bolg'an: ma'mlekette ta'rtip h'a'm tınıshlıq, materiallıq, parawanlıq sotsial a'dalattıta'miynlew.
Ertedegi Mısırdag'ı«Gerakliopol shaxstın' o'z ulıMerikarg'a na'siyatlar» ında aytılıwınsha: Haqıyqat ornat h'a'm jerde uzaq jasaysan'. Sen sonday qıl, jılag'andıjubat, jesirge ja'bir etpe, insandıatasının' mal-mu'lkinen biynesip qılma. Hu'kimdar jerinde ta'rtip intizam boyınsha u'lken missiyanıbejerip, geyde ju'da' u'lken mug'dardag'ıqurılıs xojalıq iskerligi a'melge asırg'an. Ullı h'a'm biyik Mısr piramidaları, UllıQıtay diywalları, Baolbeg mavzoleyi, Persepol sarayı qurılmalarıqudaylar aldındag'ıh'u'kmdarlardın' «unamlı» qa'siyetinen derek beredi.

Diniy dogmalar h'u'kmdarlıg'ıadamlar tu'rlerinen belgilenedi. İnsan aspandı, qudaylar du'nyasıh'a'm jerdi adamlar du'nyasıdep bildi.
Qudaylar, insanlar o'mirinin' barlıq salalarında aktiv aralasqan onın' tuwılıwı
o'limlik h'a'm o'limnen keyingi ta'g'diri belgilengen. Sol da'wirlerde diniy ta'liymattan basqa h'esh qanday du'nya bolmag'an. İnsan qudaylardan h'a'tte arzımag'an na'rseler h'aqqında ma'slah'at sorag'an,h'a'm og'an xatlar jazıp ibadatxanag'a alıp barg'an mısal ushın Ertedegi Bobil puxaralarının' xatının' birinde sonday so'zler bar: «Menin' atam, Quday aytЁCenin' qulın' ApilAdat sonday deydi sen mag'an itibar qılmaysan'W cennen basqa kim h'a'm barW seni su'yiwshi
quday mardukke jaz, menin' gu'namnan o'tsin». Barlıq ertedegi shıg'ıs tsvilizatsiyalar ta'biyiy ilimiy bilimlerde toplap u'lken na'tiyjelerge eristi h'a'm du'nya ilimi rawajlanıwında u'lken ta'sir ko'rsetti. bizge shekem jetip kelgen.Papirus jazıwlarıMısırlılardın' matematika h'a'm geometriya (tu'rli formalardın' awırlıg'ı) astronomiya, meditsina, ximiya, salalarındag'ıken' tu'sinikler da'lillep beredi. A'tiraptag'ıma'mlektlerge Mesopotamiya matematika h'a'm astronomiyasıu'lken ta'sir ko'rsetti. Ha'zirge shekembiz Mesopotamiyada du'zilgen waqıt h'a'm mu'yesh o'lshemi ushın 60 bo'lekli dizimnen paydalanamız. Mesopotamiyalıq matematika h'a'm astronomiyag'a ta'n
izertlewler islep, ay fazaların bo'liw dizimin jarattı, quyash du'zimine ta'n protsessler julız h'a'm planetalar dizimi, ko'plep h'a'reket h'alatınan anıqlaw boyınsha jan'alıq kirgizdi. Eki da'rya aralıg'ıastrologiyanın' da watanıbolıp tabıladı. A'yyemgi Hind h'a'm Qıtay ilimide ko'plep jen'islerdi qolg'a kirgizdi. Hindistanda nolden paydalanıp onlıq sanaq dizimi jaratılıwımenen algebra rawajlana basladı. (San tu'p san, sinus sıyaqlıatamalar Hindistanda payda boldı.) O'lim sebebin anıqlaw maqsetinde o'likti anatomik izertlew ta'jiriybeli anatomik izertlew ta'jiriybeleri anotomiya h'a'm fiziologiyanırawajlandırıp, meditsinada u'lken jen'islerge erisildi, Hindistanda meditsina rawajlanıwıh'aqqında meditsinag'a tiyisli shıg'armalardın' birinde xirugiyanın' 300 tu'ri bolg'anlıg'ıh'a'm 120 xirugiya a'sbabıbar ekenligin esletiledi. Ha'mmege ma'lim Qıtay jipek, shiyshe h'a'm qag'azdın' watanıesaplanıp, mil.ald. II a'sirde oylap tabılg'an, sonday-aq Qıtayda porox, kompas, (mil.ald.Sh a'sir) jersilkiniwin anıqlawshıa'sbap (seysmograf) ta oylap tabılg'an.

Mil. ald. 613 jılg'a tiyisli Qıtay qoljazbalarıtabılıp onda Galley kometasıh'aqqındag'ıen' eski mag'lıwmatlar ushıraydı. Mil. ald. II-a'sirde Qıtay aspan deneleri h'a'reketleri su'wretlegen birinshi aspan globusı2500 aspan denesinin' ornıko'rsetilgen juldızlar katalogıjaratılg'an. Jan'a kalendar ja'oiyalanıp (mil. ald.104 j) onda bir jıl 365 24-1 ku'nge ten' bolg'an.Mil. ald. 28 jılda Xan astronomlarıquyashta daqlar bar ekenligin baqlag'an. Bir ta'repte Mısr h'a'm mesopotamiya ilimi, basqa ta'repte Hindistan h'a'm Qıtay iliminde a'h'miyetli ilimler bolıp birinshiden ilim ju'da' a'meliy qa'siyet ka'sip etip. ekinshiden-ilimler teoriyası. filosofiya rawajlanıwıBatıstan keskin parıq qılg'an. Bul parıqtıK.Yaspers ta'repinen jaratılg'an oq da'wiri teoriyasımenen su'wretlew mu'mkin. Bug'an qarag'anda mil.ald. 800 h'a'm 200 jıllar aralıg'ında a'h'miyetli tariyxıy burılıs bolıp, mifologik da'wir aqırına jetedi, ratsional sana qa'liplesedi, h'a'zirge shekem bar bolg'an tiykarg'ıtu'sinik h'a'm klassifikatsiya islep shıg'ıldı. Bul da'wirde Hindistanda Upanishadalar payda boldı, Budda jasadı. Qıtayda belgili filosofiya mektepleri rawajlandı. İranda Zoroastrizmdi qabıl qılıp, nızamlastırıldı. Palestinadan payg'ambarlar shıqtı, Gretsiyada bul waqıtta Gomer, Geraklit,Platon h'a'm basqalar iskerlik ko'rsetti. K.Yaspers Mısr h'a'm Mesopotamiya ma'deniyatlarıoq da'wirine shekem bolmag'anlıg'ın, yag'nıy bularda este qalarlıburılıslar bolmag'anlıg'ın, Hindistan Qıtay ma'deniyatların oq da'wirinen keyin itibarlıdep biledi.



Hindistan h'a'm Qıtayda ta'biyiy texnika ilimleri erterek qa'liplesti h'a'm o'z na'wbetinde o'nimli rawajlandı. Biraq bul ilimler batıstag'ısıyaqlıma'deniyatg'a sezilerli ta'sir ko'rsetpedi. Bul joqarı h'aqıyqattıan'law jolındag'ıg'a'rezsiz ta'liymat bolıp qalıw menen baylanıslı. Ma'slken Hindistanda bilim u'sh da'rejege bo'linedi:

1.Bilmeslik (avidya)

2.Tu'sinik ilimiy bo'lim (vijnyana)

3.Ha'mme na'rseni biliw (prajnya), yag'nıy birinshi da're je tu'sinbey pikirlew, ekinshisitu'sinik, u'shinshisi tu'siniwden u'stem pikirlew muwapıq keledi.

Jer ju'zindegi en' gu'llengen h'a'm bir qatar u'yrenilgen, ko'plep xalıqlar ma'deniyatı rawajlanıwına u'lken ta'sir ko'rsetken ma'deniyatlardan biri-a'yemgi Mısır ma'deniyatıbolıp tabıladı. Qa'dimgi Mısırlılar qollang'an so'zler «papirus», «oazis..», «ximiya», «bazalt» h'a'm basqalar h'a'zirde qollanıwda saqlanıp qalmaqta. Mısırda tu'rli, aralasıp ketken tabınıwlar dizimi bolıp: qudaylarg'a sıyıng'an, ja'niwar, o'simlikler, topıraq, suw, Nildi ka'ramatlastırg'an Quyashqa. tiri quday Faraong'a sıyınıw nızam tu'sin alg'an.

Mısırlılar ma'deniyatında jerlew ma'resimi o'z aldına orın tutqan. Olar o'limdi insanlar ekinshi o'miri baslanıwıdep bilgen. Ma'n'gi o'mir tu'sinigi Osiris h'a'm İzida h'aqqındag'ımiftan payda boldı. Eski grek jazıwshısıMısırlılar o'miri o'limge tayarlanıwdan ibarat dep biykarg'a jazbag'an.

Mısırlılardan parıqlıeski Mesopotamiya xalqıjerdegi turmısqa ko'birek itibar bergen. O'lim menen h'a'mmesi pitedi dep oylasada, o du'nyag'a isengen. Mısırlılardan parıqlıra'wishte o du'nyada insan ruwxıma'n'gi suw h'a'm awqatqa zar bolıp jasaytug'ın qorqınıshlıdu'nya dep oylag'an. Sharuppaklar Mesopotamiyalılar na'siyatında aytılıwınsha «Shiyrin turmıstan basqa birde-bir na'rse aziz emes». Mesopotamiyalıqdın' quwanıshlıturmıs h'aqqındag'ıko'z-qarasları «Gilgamish» da'stanında da su'wretlenedi. Olar jeke turmıs problemalarımenen ko'birek qızıqqan. Hindistan birinshi du'nya dini buddizm watanıbolsa da, Hindistanda iudaizm ekinshi da'rejede turadı. Bul eki dinde «Veda» da sa'wlelendirilgen eski pikirlewlerden kelip shıqqan.

Qıtay ma'deniyatının' o'zine ta'n parıqlıta'repi sonda, a'yyemgi dinlerdegi mistik sheshimge isenimge a'dep-ikramlılıqqa qarag'anda ekinshi da'rejede qaralg'an, ma'deniyattag'ıbelgilewshi ideya Aspan tastıyqlag'an ullı«materiallıq-sotsial-siyasiy ta'rtip» bolg'an.
Qıtay ma'deniyatıtsvilizatsiyasının' mın' jıllar dawamında tiykarg'ıruwxıy, morallıq h'a'm ideyalıq deregi mil.aldın'g'ı551-479 jıllarıjasag'an ullıfilosof Konfutsiy ta'liymatıesaplanadı. Barlıq en' a'h'miyetli na'rseler h'a'r qanday tsvilizatsiyanın' «su'wretin» belgilewdi-o'mir printsiplerin, ma'mleket h'a'm sotsial sho'lkem formaların, ulıwma qabıl etken morallıq normalar h'a'm qa'diriyatlardın' barlıg'ıQıtayda Konfutsiylik ta'sirinde qa'liplesken. Sonın' ushında L.S.Vasilev Konfutsiylıqtı«qıtay tsivilizatsiyasının' kvintessentsiyası» (mazmunı) dep atag'an. «Aspan wa'killigi» bag'darıKonfutsiy ta'repinen jan'asha pikirde rawajlandırılıp, onda ja'miyetlik moral tiykarg'ıorın tutadıh'a'm siyasiy ma'deniyattıbelgileydi. Da'stu'rlerdi h'u'rmetlew, parızdıjuwapkershilikti seziw morallıq sıpatının' joqarılıg'ı, o'zin ja'miyet ushın bag'ıwshlaw, ba'rh'ama h'aqıyqattıan'law ushın urınıw, isenim sıyaqlıideayalar basqalardı basqarıwdıqa'lewshiler ushın bag'dar bolg'an. Bul ideyalar ma'mlekettin' bas tayanıshıbolıp, Qıtay imperiyasıto'releri ushın u'lgi boldı.
Konfutsiylikti Qıtayda payda bolg'an ekinshi ullıfilosofiyalıq ta'liymatlar daosizm toltırdı. Daosizmde turmıs, ta'biyat, ulıwmalıq ma'seleleri sa'wlelenedi. Eger konfutsiyshilik insannın' sotsial iskerligin na'zrde tutsa, daosizmde onın' ruwxıy turmısı, du'nyag'a ko'z-qarasısa'wlelenedi. Daosizmde a'yyemgi Qıtaydag'ıpikirlerdin' bas ideyasısa'wlelenip, du'nya ma'deniyatın jan'a o'mir menen bayıttı.

Onın' ideyaları: insannın' pikirlerine tiykarlang'an du'nyanın' dualistlik o'zgesheligi: usin-bes tiykarg'ıelementten ibarat bolg'an materiya (jer, suw, ot,metalldan) du'nyanın' o'zgeriwshen' h'a'rekette ekenligi, tiykarg'ıelement h'a'r dayım sıpat o'zgeriwinde bolıwın bildiredi.

Daosizmde du'nyanın' payda bolıwıu'sh ku'shtin' iskerliginen kelip shıqqan: Dao-joqarg'ı, absolyut da'slepki isenim De-dao nurınan du'nyanın' payda bolıwı, Tsi-joqarg'ımateriya, ol materiallıq du'nyanıjaratatıp, zat h'a'm janzatlardıjaratadı.A'yemgi Shıg'ıs tsivilizatsiyası a'yyemgi batısqa salıstırsaq erterek baslanadı. Grekler ma'deniyatıA'yyemgi Shıg'ıs ma'deniyatıta'sirinde ju'da' rawajlandı, bunıellinlardın' o'zleride belgilep o'tken. Bul ta'sirler na'tiyjesinde Shıg'ıs h'a'm batıs ma'deniyatısintezm eleministik ma'deniyattıpayda etti. Grek Baktriya h'a'm gandxar iskusstvosı, iskandriya ilimi, fayum portretleri bug'an mısal bola aladı. A'yyemgi Shıg'ıs bizge ma'n'gi baylıqlardıqaldırdı. Bular «Gilgamesh», «Moxabxorat» da'stanları, Kalidasi drammaları, Chjuantszidin', simvollıq tımsalları, Mısr piramidalarıh'a'm Ullı Qıtay diywalıh'a'm basqalar.

A'yyemgi Gretsiya h'a'm Rim ma'deniyatıta'sirinde qa'liplesken bul ma'deniyat traditsiyalıq ma'deniyat rawajlanıwıda'wirinin' dawamshısıh'a'm juwmaqlawshısıboldı. A'yyemgi Gretsiyada qa'liplesken keyin ala joqarıma'deniyatqa ko'tirilgen, bul ma'deniyat eramızdan aldın III-a'sirde Rim ma'deniyatıjaralıwına u'lken ta'sir ko'rsetti h'a'm «Antik ma'deniyat» dep atalıwımenen du'nya ma'deniyatıtariyxında o'shpes iz qaldırdı.

Latın tilindegi «antik» (antiguus) co'zinin' ma'nisi «a'yyemgi» demekdur. Lekin tariyxıy da'wir ko'z-qarasınan qaraytug'ın bolsaq Antik da'wir a'yyemgi du'nyanın' aqırı-a'yyemgi ma'deniyat h'a'm h'a'm ma'mleketshiliktin' en' rawajlang'an basqıshıbolıp esaplanadı. Bul da'wir tiykarınan Gretsiya h'a'm Rim ushın xarakterli bolıp, Gretsiyada mil.ald. XI-IX a'sirlerde antik ja'miyettin' sho'lkemlesiwinen baslanıp, mil.ald. U'-IU' a'sirde antik (klassik) ma'deniyat evolyutsiyasımenen tolıq ma'ni mazmung'a iye boldı. Milodiy 6 a'sirde varvarlar ta'repinen Rim imperiyasının' qulatılıwıAntik ma'deniyatıkriziske alıp keldi.

Sonday-aq, Grek-rim ja’miyeti h’a’m
ma’deniyatına qarag’anda qollanıp kiyatırg’an «antik» so’zin ko’birek Evropag’a ta’n h’alda an’law kerek, sebebi Evropa xalıqlarıo’zlerinin’ ma’deniy rawajlanıwıjolında tek g’ana grek-rim ma’deniyatımenen baylanıslıbolg’anlıg’ısebepli, usıxalıqlar do’retken manawiy baylıqlardıen’ a’yyemgi dep tanıg’an. O’z ornında Antik ma’deniyat grek-makedonlar h’a’m Rim ta’sirinde Egey ten’izinen Hindistang’a shekem h’a’m Mısrda payda boıwında h’a’m kosmopolitizm (ja’h’a’n puxaralıg’ı) tu’sinigine tiykar saldı.
Barlıq a’yemgi ma’deniyatlar sıyaqlıgrek klassik (antik) ma’deniyatının’ a’h’miyetli strukturalıq bo’legi din bolg’an. din arxitekturalıq, su’wretshilik, a’debiyatının’ a’jayıp u’lgilerinde o’z sa’wlesin taptı. A’yyemgi grek dininin’ tiykarg’ıformalarıarxaik da’wirden aq qa’liplesken, onın’ tamırlarıbolsa en’ a’yyemgi krit-miken da’wirine h’a’m a’yyemgi shıg’ıs ta’sirlerine barıp taqaladı.
En’ a’yyemgi ja’ma’a’ttan klasslıq ja’miyetke o’tiw da’wirinde qudaylar h’aqqındag’ıko’zqaraslar o’zgeredi.
Eramızdan aldın U’Sh-U’II a’sirlerde ko’plep jergilikli h’a’m ayrım ulıwma
grek qudayların ta’rtipke salıw itiyajıtuwıldı. Arxaik do’wirde (mil.ald.U’Sh-U’II a’sirlerde) gi dinnin’ rawajlanıwıbul antropomorfizmdan, ma’n’gi jas bolıp turatug’ın ku’shli, go’zzal insanlar dep oylawdan ibarat edi.



Qulshılıq mu’na’sebetlerdin’ qa’liplesiwih’a’m sotsial awh’al Gesnodtın’ «miynetler h’a’m ku’nler» poemasında sa’wlelendirilgen. Sonday-aq, diniy mifologiya h’a’m Gesnod ta’repinen ta’rtipke salıng’an qa’lpinen antik da’wirdin’ aqırına shekem greklerdin’ ko’z-qarasında bar bolıp kelgen. Grekler u’shinshi a’wladqa ta’n bas qudaylardın’ ma’kanıOlimp tawıdep bilgen. Greklerdin’ pikirlewinshe, a’lem aldımenen Xaosdan ibarat bolg’an, Jer-Geya h’a’m jer astı a’lemi Tartar h’a’m bolg’an. Geyadan ulıUran-aspan quday kelip shıqqan. Uran menen Geyadan titan Kronos tuwılg’an h’a’m o’z atasıUrandıawdarıp taslag’an. Bular titanlar u’lken qudaylar. Kronostan Aid, Poseydan,Gestiya, Demitra, Gera h’a’m Zevs sıyaqlıkishi qudaylar kelip shıqqan. Zevs-bas quday, jıldırım shashatug’ın dep easaplang’an. Onın’ h’ayalıGera-aspan qudayıh’a’m neke g’amxorıbolg’an. Poseydon-ten’iz qudayı, Demitra mol h’asıl qudayı, Gestiya-u’y ruzıgershilik qudayı, Aid jer astıa’lemi qudayıesaplang’an.
Grekler dininde totemizm qaldıqlarıbolg’an, yag’nıy qudaylarg’a qanday da bir qus yaki h’aywan atalg’an. Sonday-aq, grekler ekinshi derejeli qudaylar Nimfa h’a’m Kentavrlerge sıyıng’an. Oylawınsha tog’aylıqlarda driadalar, nimfalar, eshkiayaq satirler jasag’an. Qudaylardın’ a’piwayıh’ayallar menen baylanısınan tuwılg’an yarım quday qah’ramanlarda h’u’rmetlengen. A’sirese 12 ma’rte erlik ko’rsetken Gerakl-jawızlıqtıjen’iwshi obraz bolg’an.
Gretsiyada qudaylar h’u’rmetine o’tkerilgen arnawlıbayramlar tek g’ana diniy mazmung’a iye bolmag’an, sebebi fizikalıq ta’rbiya jarıslarıh’a’m de muzika, qosıq siyaqlılar bul bayramlardın’ en’ a’h’miyetli isleri esaplang’an. Grek qalalarında Argosta Gera, Afinada Afina h’u’rmetine bayramlar o’tkerligen. Olimpiada qalasında Zevs h’u’rmetine Olimp jarıslarıbolg’an.
Grek alımlarıA’yyemgi Mısr, Mesopotamiya h’a’m Kishi Aziya xalıqlarının’ bilimlerine xabarı bolg’an. Milad.ald U’II-U’I a’sirlerde Gretsiyada ma’deniyatıh’a’m ilis rawajlanıp Gerodot, Demokrit, Pratagor, Gippokrat, Sokrat, Aristotel sıyaqlıalımlar jasag’an.

«Tariyxtın' atası» dep atalg'an tariyxshıGerodot «Tariyx» kitabında tu'rli xalıqlar h'aqqında mag'lıwmatlar jazıp qaldırg'an. Demokrit bolsa (mil.ald. 460-370) «Ha'mme na'rseler en' mayda bo'lekshe, atomlardan payda bolg'an» degen pikirdi aytqan. Kos atawında tuwılg'an ta'wip Gippokrat (mil.ald 460-375 j) meditsina bilimlerin Geraklitten u'yrenedi. Ol sha'kirtleri menen kitaptan ibarat «Gippokrat toplamı» atlımeditsinalıq shıg'armalarda jazg'an. Makedoniya saray ta'wibinin' ulıAristoteldi (mil.ald. 384-322 j.) Shıg'ısta «birinshi mug'allim» dep atag'an. Ol jer kosmostın' orayıdep esaplag'an. Onın' belgili shıg'arması«Cisyasat» bolıp tabıladı.

Gretsiya a'psana h'a'm rawayatlar jurtıbolıp a'yyemnen a'debiyat rawajlang'an. «Prometey», «Gerakl», «Dedal h'a'm İkar», «Argonavtlar», «Odisseya h'a'm İliada» sıyaqlıa'psana h'a'm dastanlarda greklerdin' turmıs ta'rizi h'a'm tariyxıbayan etilgen.

Da'stan h'a'm a'psanalar teatr ushın bay mag'lıwmat bergen. A'yyemgi grek teatrımil.ald. U'I a'sirlerde awıl xojalıg'ıg'amxorıquday Dioniske arnap o'tkeriletug'ın bayramlar waqtında aytulatug'ın qosıqlar h'a'm oyınlar tiykarında payda bolg'an. Grekler teatrdı«u'lken jastag'ılar mektebi» dep aytqan.

Teatr grekshe «tamashalar jayı» degen ma'ni an'latadı. Grek teatrına 17-25 mın' ko'riwshi jaylasqan. Avtorlar a'psana h'a'm ra'wiyatlar tiykarında tragediyalarjaratqan. U'I-IU' a'sirlerde Esxil, Sofokil, Evripid Tragediyaların h'a'm Aristofan komediyaların adamlar su'yip ko'rgen. Esxildi «tragediyanın' atası» dep atag'an. Onın' «Shınjırlang'an Prometey», «Parsılar» tragediyaları, Sofokldın' «Shax Edip», «Antigona» tragediyalarıbelgili bolg'an.

Aristofan «Tınıshlıq» «Suvoriy» degen komediyalarında urıs waqıyaların h'a'm sol da'wirdegi illetlerdi su'wretlegen.

Afina akropolındag'ıParfenon, Erexteyon ibadatxanalarıgrek arxitekturasının' say ko'rkem shıg'armasınan bolıp h'a'zirge shekem saqlanıp qalg'an.

Ellinizm da'wirinde (mil.ald. III-II a'sirler) ma'deniyat h'a'r qıylıbolıp, ilim-pa'n rawajlandı. A.Makedonskiy ju'risleri menen birge Jaqın h'a'm Orta Shıg'ıs ma'mleketleri ma'deniyatına uyg'ınlasıp, ma'deniyat senteizm ju'z berdi. Grekmakedoniya h'a'm Ellinlasqan jergilikli aq su'yekler arasında ulıwma grek tili «Koyne» (ulıwma) ken' jayıldı. Du'nyag'a jan'a ko'z-qaras filosofiyalıq tu's alıp kosmopolitizm (ja'h'a'n puxarası) ismi menen belgili boldı.

Oraylıq Aziya ma'deniyatıdu'nya ma'deniyatıtariyxında a'h'miyetli orın tutadı. Onın' orta a'sirdegi ma'deniyatına pu'tkil du'nya mu'na'sip bah'a bergen.



Orta Aziya otırıqshıdiyxanshalıq h'a'm ko'shpeli xalıqlarında bir qansha parıqlar bolıwına qaramastan burınnan jaqın mu'na'sebetler ornatılg'an. Diniy isenimler, u'rp-a'detler, folklor, morallıq normalar, ulıwma ma'deniyatın ulıwmalıq qa'liplestiriwine alıp kelgen. Orta a'sir ma'deniyatıo'zine ta'nliginin' bir ta'repi aymaqshılıq ju'da' qolaylıgeografiyalıq ornasqanlıg'ı menen baylanıslı. Aymaq Mesopotamiya, İndiya, Qıtay siyaqlıu'sh ullıshıg'ıs tsivilizatsiyası menen shegaralas bolıp, Batıs tsivilizatsiyasına ta'n besinshi Gretsiyah'a'm Rim menen o'z-ara rawajlang'an. Bunday baylanıslar sebepli Oraylıq Aziya ma'deniyatıShıg'ıs h'a'm Batıs ortasında baylanıstırıwshımissiyasın orınlawg'a sebep boldı, yag'nıy ekonomikalıq tarawlarda en' aldı menen xalıq-aralıq sawda da h'a'm ma'deniyat salalarında Oraylıq Aziya Batıs h'a'm Shıg'ıs ortasında baylanıstırıwshıko'pir wazıypasın bejerdi. Yag'nıy Oraylıq Aziya aymag'ıarqalı Buddizm pu'tkil du'nyag'a jayıldı.Hindistan h'a'm Qıtayg'a elinistik ma'deniyat ko'rinisleri o'tti, Shıg'ıstan Batısqa h'a'm Batıstan Shıg'ısqa ma'deniyat baylıqları(bilim,diniy,ideya,oylap tabıw,ko'rkem shıg'armaları) almasıp turıwında Oraylıq Aziya a'h'miyetli qural bolıp xızmet qıladı. Oraylıq Aziya ma'deniyatının' ullıbaylanıstırıwshımissiyasıbasqa ma'deniyat qa'diriyatların jan'alaw, o'zlestiriw uqıplılıg'ıh'a'm qayta islew siyaqlıta'replerisiz bolmas edi. Bul ma'deniyat a'yyemnen-aq jan'a h'a'diyselerdi o'zlestiriw h'a'm sa'ykeslestiriw uqıplılıg'ına iye boldı. Aymaq arqalıu'lken basqınshılıq ju'risleri, xalıqlar ko'shiwleri ju'z bergen bolıp,bul Oraylıq Aziya xalıqlarıtariyxıdawamında bir neshe ret ma'deniyatısezilerli o'zgerislerge alıp keldi. Tilekke qarsıko'p g'ana urıslar Oraylıq Aziya ma'deniyatının' a'yyemgi rawajlanıw da'wirleri esapsız da'lillerin joq qıldı.

Arxeolog qazılma mag'lıwmatlar h'a'm jazba derekler milloddan aldın'g'ıI mın' jıllıq baslarında jaratılg'an Oraylıq Aziya da'slepki ma'mleketleri Baktriya,Sogd h'a'm Xorezm ma'deniyatıh'aqqında biraz mag'lıwmatlar beredi. Milloddan aldın'g'ıVIII-VI a'sirlerge ta'n Afrasieb (Samarqand), Surxanda'rya oazisinde Qızıl to'be, Qashqada'rya oazisinde Uzın qır, Xorezmdegi Qazalıqır siyaqlıa'yyemgi qalalarda o'tkerilgen jumıslar qurılmalısotsial du'zilme h'a'm ma'deniyatıjoqarırawajlang'anlıg'ın ko'rsetedi. Bul qalalar qorg'anıs diywallarıh'a'm suw ta'liymatınan ibarat ku'shli qorg'anıw dizimine iye bolıp, ishinde o'nermentler orınlarıjaylasqan ayırım qalalarda saray qaldıqları, qorg'anları tabılg'an.A'yemgi ma'mleketler xojalıqlarının' tiykarg'ısalasıesaplag'an diyxanshılıq da'rejesi h'aqqında ko'p tarmaqlısuwg'arıw dizimi bug'an da'lil boladı.Oraylıq Aziya ma'mleketleri A'yemgi Shıg'ıs ma'mleketleri menen tıg'ız baylanıs ornattı.

Ko'shpeli massagetlerdin' da'stu'ri h'a'm turmıs ta'rizi h'aqqında ataqlıgrek alımıGerodot (mil.ald.V a'sir) jazıa qaldırg'an. Ol massagetlerdin' a'skeriy qurallarında (oqjay,nayza,aybaltası) altınnan bezew sıpatında, mıstan qural h'a'm sawıt ushın ken' paydalang'anlıg'ın aytadı.Gerodottın' jazıwınsha massagetler tek Quyashqa sıyınıp, og'an at qurbanlıq qılg'an.

A'yemgi Oraylıq Aziya xalıqlarının' manawiy ma'deniyatıh'aqqındag'ıbilimlerdin' biybah'a deregi «Avesto» esaplang'an. «Avesto» so'zinin' ma'nisi ko'binese «tykarg'ıtekst» sıpatında awdarmalang'an. «Avesto» du'nyadag'ıen' eski dinlerden bolg'an zoroastrizm ta'repdarlarıushın muqaddes kalima esaplanıp, payg'ambar Zardwsht onnan jıynalg'anlarg'a waz oqıg'an. Onın' jasag'an da'wiri mil.ald.IX-VI a'sirler a'tirapında delingen. «Avestonın' en' a'yemgi tekstleri» mil. ald. II mın'ınshıjıllarg'a tiyisli, Avestonın' VII a'irge tiyisli bolg'an toplamıtu'rli mazmundag'ı21 kitaptan ibarat, onda sol da'wirdin' barlıq bilimleri ja'mlengen.